# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–22 मई 2026** **भोजपुरी समाचार**

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आजु अपने सोसल मीडिया प्लेटफॉर्म एक्स पर कालिह नई दिल्ली में भइल मंत्रिपरिषद के बइठकी के बारे में पुरहर जनकारी साझा कइलें। उहां के बतवलीं कि कालिह के बइठकी में मंत्रिपरिषद 'जीवन में सुगमता– अउरि'कारोबार में सुगमता' के बढ़ावा दिहले से जुड़ल महत्वपूर्ण दृस्टिकोंण आ सर्वोत्तम कार्य–प्रणालियन पर बिचार–बिमर्स कइलस। प्रधानमंत्री बतवलें कि चरचा क मुख्य केन्द्र बिन्दु विकसित भारत के साझा सपना के साकार करे बदे परभावी ढंग से सुधारन के आगे बढ़वले पर केन्द्रित रहल।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु देउरिया में छौ सौ पचपन करोड़ रूपिया से बेसी लागति के परियोजनन क लोकारपण आ सिलान्यास कइलें। येह मौका पर मुख्यमंत्री कहलें कि 'वन डिस्ट्रिक्ट, वन मेडिकल कॉलेज आ' वन डिस्ट्रिक्ट वन प्रोडक्ट' आजु नया यूपी क पहिचान हौ।

**कोई सोचता था पहले कि कुशीनगर में कृषि विश्वविद्यालय बन जाएगा आज वह बन करके तैयार हो रहा है कृषि विश्वविद्यालय। ये कृषि विश्वविद्यालय केवल एक भवन नहीं है। हमारे अन्नदाता किसानों को तकनीक के साथ जोड़कर के लागत को कम करना, उत्पादन को बढ़ाना, उसकी आमदनी को बढ़ाना, प्रधानमंत्री मोदी जी के विजन के अनुरूप अपने अन्नदाता किसानों के चेहरे पर खुशहाली लाने का एक अभिनव प्रयास है।**

एहसे पहिले मुख्यमंत्री श्री योगी आजु सबेरे गोरखनाथ मंदिर परिसर में आयोजित जनता दरसन कार्यक्रम में करीब एक सौ पचास लोगिन क समेस्या सुनलें।

**********

रेल मंत्रालय, रेलवे के बुनियादी ढांचा आ ट्रेन संचालन के निसाना बना के हलिये में भइल घटनन के बिच्चे यात्री लोगिन से जतरा के दौरान सतर्क रहे के कहले हवे। सथहीं रेलवे परिसर में कउनहूं संदिग्ध गतिविधि चाहे मनई क सूचना हेल्पलाइन नम्बर एक सौ ओनतालीस पर जुरते दिहले क आग्रह कइले गइल बा। एगो रिपोर्ट–

**नई दिल्ली के रेल भवन में रेल मंत्री अश्विनी वैष्णव की अध्यक्षता में हुई उच्च स्तरीय सुरक्षा समीक्षा बैठक के बाद यह आग्रह किया गया। मंत्रालय के अनुसार आग लगने की कुछ घटनाओं सहित हाल ही में हुई कई घटनाओं की प्रारंभिक जांच में असामाजिक तत्वों की संलिप्तता की संकेत मिले हैं। कई मामलों में रेलवे अधिकारियों द्वारा समय पर और सक्रिय कार्रवाई से बड़ी दुर्घटनाओं को रोकने में सहायता मिली है। बैठक में रेलवे नेटवर्क में सीसीटीवी कवरेज बढ़ाने और रेलवे बोर्ड मुख्यालय तथा जोन के बीच समन्वय सुधारने पर भी विचार–विमर्श किया गया। समाचार कक्ष से मैं मुकेश कुमार।**

**********

जनगणना– दुइ हजार सत्ताइस के तहत आजु से प्रदेस भर में मकानन क गणना सुरू हो गइल बा। राज्य क जनगणना निदेसक आ मुख्य जनगणना अधिकारी शीतल वर्मा बतवलीं कि येह फेरा में जनगणना करमी घरे–घरे जा के फॉर्म भरवइहें। जे लोगि स्वगणना के तहत आपन जनकारी पोर्टल में दरज करा दिहले हवें, उन्हें इग्यारह अंक वाला कोड के प्रगणक के घरे अइले पर देवे के होई। ई प्रक्रिया बाइस जून ले चली।

**********

सर्वोच्च न्यायालय पहिला जुलाई से कक्षा नौ के छात्रन बदे तीनि भाषा कै पढ़ाई अनिवार्य करे वाला नया सीबीएसई नीति के चुनौती देवे वाली याचिका पर अगिला हप्ता सुनवाई करी। एगो रिपोर्ट–

**वरिष्ठ अधिवक्ता मुकुल रोहतगी ने मुख्य न्यायाधीश सूर्यकांत की अध्यक्षता वाली और न्यायमूर्ति जॉय माल्य बागची और विपुल एम पंचोली की पीठ के समक्ष यह मामला उठाया। उन्होंने कहा कि यह जनहित याचिका छात्रों, शिक्षकों और अभिभावकों द्वारा दायर की गई है। उन्होंने कहा कि नई सीबीएसई नीति के तहत कक्षा 9 में दो अतिरिक्त भाषाओं को अनिवार्य कर दिया गया है, जिससे अव्यवस्था उत्पन्न होगी। केंद्रीय माध्यमिक शिक्षा बोर्ड द्वारा जारी एक हालिया परिपत्र के अनुसार, कक्षा 9 के छात्रों को इस वर्ष पहली जुलाई से तीन भाषाओं का अध्ययन करना होगा। इनमें से कम से कम दो भारतीय मूल की भाषाएँ होनी चाहिए। समाचार कक्ष से प्रेम चन्द्र गुप्ता।**

**********

मौसम विभाग प्रदेस के पूरबी जिलन में चउबीस मई ले दिन के समय भीसण लुह आ राति में उमस भरल गरमी परले क रेड अलर्ट जारी कइले बा। येह बिच्चे गोरखपुर अजोध्या आ वाराणसी के सथहीं कई गो अउरियो पूरबी जिलन के साथे–साथे प्रदेस कै करीब सज्जो जिलन में अजुओ तेज घाम, भीसण गरमी आ लुह से लोगि परसान रहलें।

**राज्य में भीषण गर्मी का कहर जारी है, जहां पारा हर दिन नए रिकॉर्ड बना रहा है। बुंदेलखंड सबसे ज्यादा तप रहा है, जहां अधिकांश इलाकों में तापमान 45 डिग्री सेल्सियस से ऊपर पहुंच गया है। रात में भी तापमान 30 डिग्री के आस–पास पहुंचने के कारण लोगों का बुरा हाल है। सुशील चंद्र तिवारी आकाशवाणी समाचार लखनऊ।**

मौसम विभाग पूरबी उत्तर प्रदेस में चउबीस मई ले मौसम सुस्क रहले आ तेज धुरिआइल बेयारियो चलले क सम्भावना जतवले बा।

**********